



# Egzijans Vaksen Lekòl Nouvo Jèzi pou Swen Timoun ak Prekòl

Nouvo Jèzi egzije pou timoun k ap ale nan sant swen timoun ak lekòl anvan primè satisfè **kondisyon minimòm pou vaksinasyon**. Vaksen sa yo ede pwoteje timoun yo kont maladi grav ki ka gaye fasilman nan anviwònman an gwoup, kote jèn timoun yo an kontak sere youn ak lòt. Pou pi bon pwoteksyon an, timoun yo ta dwe swiv [kalandriye vaksinasyon timoun AAP a](#).

Enfòmasyon ki anba a montre kantite dòz vaksen yo egzije ki baze sou laj yon timoun lè l ap antre a. Yo ka bezwen mwens dòz pase sa ki nan lis la si timoun nan an reta nan kalandriye a. Pale ak pwofesyonèl swen sante pitit ou a pou jwenn plis detay.

**Nòt ki nan dezyèm paj la ap bay plis enfòmasyon ak resous.**

**Rive 3 mwa**

**Kantite dòz**

1 Vaksen kont difteri, tetanòs, ak tous koklich (Diphtheria, Tetanus, and acellular Pertussis, DTaP)  
 1 Vaksen polyo inaktive (piki) (Inactivated Poliovirus Vaccine, IPV)  
 Vaksen polyo oral (Oral Poliovirus Vaccine, OPV)  
 1 Vaksen kont Haemophilus influenzae tip b (Haemophilus influenzae type b vaccine, Hib)  
 1 Vaksen konjige kont nemokòk (Pneumococcal Conjugate Vaccine, PCV)

**Anvan 5 mwa**

**Kantite dòz**

2 DTaP  
 2 IPV/OPV  
 2 Hib  
 2 PCV

**Anvan 7 mwa**

**Kantite dòz**

3 DTaP  
 2 IPV/OPV  
 2-3 Hib  
 3 PCV  
 1 Grip\*

**\*Vaksen kont grip la dwe fèt chak ane pou timoun ki gen sis mwa ak plis, anvan 30 Novanm.**

Kantite vaksen ki nan lis pou chak laj montre total dòz ki nesèsè rive nan laj sa a, se pa dòz adisyonèl. Pa egzanp, yo mande 3 dòz vaksen DTaP anvan 7 mwa ak yon total 4 dòz anvan 19 mwa.

**Anvan 16 Mwa**

**Kantite dòz**

3 DTaP  
 2 IPV/OPV  
 3-4 Hib  
 4 PCV  
 1 Grip  
 1 Vaksen kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl (Measles, Mumps, and Rubella, MMR)  
 1 Vaksen kont varisèl (varisèl/chiknpox) (Varicella vaccine, VAR)

**Rive 19 mwa**

**Kantite dòz**

4 DTaP  
 3 IPV  
 3-4 Hib  
 4 PCV  
 1 Grip  
 1 MMR  
 1 VAR

**Kle Vaksen**

**DTaP:** Difteri, Tetanòs, ak Tous Koklich  
**Hib:** *Haemophilus influenzae* tip b  
**Grip:** Grip  
**IPV/OPV:** Vaksen Polyo Inaktive / Vaksen Polyo Oral  
**MMR:** Lawoujòl, Malmouton, ak Ribeyòl  
**PCV:** Vaksen Konjige kont Nemokòk  
**VAR:** Varisèl

# Egzijans Vaksen Lekòl Nouvo Jèzi pou Swen Timoun ak Prekòl



Sa a se yon dokiman rezime. Egzijans minimòm pou vaksinasyon nan Nouvo Jèzi baze sou Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP), [orè vaksinasyon pou timoun AAP](#).

**Anvan yo antre nan gadri/lekòl matènèl:** Tout timoun yo ap bezwen montre prèv yo resevwa omwen yon dòz nan chak vaksen ki nesèsè; sa rele admisyon pwovizwa. Yon timoun ki antre nan lekòl nan yon peryòd ki pa nan lis la ap oblije resevwa vaksen yo ki nan gwoup laj anvan an. Pou egzanp, yon timoun de mwa ap bezwen resevwa menm kantite dòz ak yon timoun twa mwa pou li ka ale nan yon etablisman gadri ak lekòl matènèl.

**Lè y ap asiste:** Tout timoun yo ap bezwen resevwa vaksen yo nan peryòd tan ki nan premye paj la. Kalandriye vaksinasyon AAP la bay entèval laj pou sèten vaksen. Pou egzanp:

- Yo rekòmande DTaP ant 15 ak 18 mwa.
- Yo rekòmande IPV (polyo) ant 6 ak 18 mwa.
- Yo rekòmande MMR ak Varisèl ant 12 ak 15 mwa.

Paske rekòmandasyon sa yo bay kòm entèval, timoun yo ka resevwa vaksen nan nenpòt ki moman nan peryòd sa a. Gen kèk timoun ki resevwa dòz yo pi bonè nan entèval ki rekòmande a, selon orè vizit timoun ansante yo. Egzijans pou gadri ak lekòl matènèl nan Nouvo Jèzi yo fèt pou pèmèt fanmi yo gen tout peryòd tan ki rekòmande a pou yo konplete dòz yo. Pou egzanp, yon timoun ka resevwa twa dòz vaksen IPV depi nan laj sis mwa. Sepandan, paske peryòd rekòmande pou twazyèm dòz IPV la se ant 6 ak 18 mwa, Nouvo Jèzi pa pral egziye dokiman pou twazyèm dòz la jiskaske apre peryòd konplè a fini (rive 19 mwa), sa ki pèmèt fanmi yo gen tout peryòd rekòmande a pou yo satisfè egzijans sa a.

Timoun ki pa ajou ak vaksen ki nesèsè yo ap oblije suiv orè vaksinasyon pou ratrapaj la; paran yo ta dwe pale ak founisè swen sante yo pou ede pitit yo mete yo ajou. Yo ka bezwen mwens dòz pase sa ki nan lis la si timoun nan an reta nan kalandriye a.

Egzanpsyon medikal ak relijye (rezon pou pa resevwa vaksen) yo detaye nan règleman sou Vaksinasyon Timoun nan Sant Gadri ak Lekòl yo. Enstriksyon pou wè règleman yo disponib nan [nj.gov/health/cd/imm\\_requirements/acode](http://nj.gov/health/cd/imm_requirements/acode). Yon lòt resous se “NJ Immunization Requirements Frequently Asked Questions,” (Kesyon yo Poze Souvan sou Egzijans Vaksinasyon NJ) ki disponib nan [nj.gov/health/cd/imm\\_requirements](http://nj.gov/health/cd/imm_requirements).

**IPV/OPV:** OPV pa rekòmande pou itilize, ni li pa disponib Ozetazini. Sepandan, yo ka itilize OPV nan lòt peyi. Yo aksepte dòz yo sèlman si yo te bay yo anvan avril 2016. Timoun ki resevwa dòz OPV apre avril 2016 dwe resevwa dòz IPV nan plas li. Twazyèm dòz IPV/OPV la ka bay depi nan laj sis mwa, men li obligatwa rive 19 mwa.

**Hib:** Rive nan sis mwa, timoun yo bezwen omwen de dòz vaksen Hib, men kèk timoun ka resevwa twa dòz anvan yo gen sis mwa, selon mak vaksen yo te resevwa.

**Hib/PCV:** Yo ka aksepte yon kantite dòz vaksen ki mwens pase sa ki endike a, selon lè yo te bay vaksen yo ak kalite vaksen an. Gade orè rekòmande/ratrapaj la. Nan tout ka, yo dwe administre youn oswa plizyè dòz nan jou oswa apre premye anivèsè a.

**Grip:** Yo dwe bay yon dòz vaksen kont grip chak ane anvan 30 novanm pou tout timoun ki gen sis mwa oswa plis ki enskri nan gadri oswa lekòl matènèl.

**MMR:** Timoun yo ka resevwa vaksen sa a depi yo gen 12 mwa, men li obligatwa pou yo ale nan gadri/lekòl matènèl anvan yo gen 16 mwa.

**Varisèl (Chickenpox):** Timoun yo ka resevwa vaksen sa a depi yo gen 12 mwa, men li obligatwa pou yo ale nan gadri/lekòl matènèl anvan yo gen 16 mwa.